COVID-19
Vwayaj Aletranje

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov



Si ou te tounen sot nan NENPÒT vwayaj aletranje oswa nan yon kwazyè nan 14 jou ki sot pase yo epi ou gen tous oswa souf kout,

OSWA

si ou te nan kontak pwòch avèk yon moun ki te tounen resaman sot nan vwayaj aletranje oswa nan yon kwazyè epi li gen nenpòt nan sentòm yo ki endike anwo a:

- **RELE** founisè swen sante ou oswa depatman sante konte ou (County Health Department, CHD).
- **ESKANE** kòd la pou zouti rechèch CHD a.

Kijan pou izole tèt ou oumenm

- Rete lakay ou eksepte pou al pran swen medikal.
- Separe tèt ou de lòt moun ak bèt nan kay ou.
- Rele davans anvan ou ale kay doktè ou.
- Mete yon mask nan figi ou lè gen lòt moun bò kote ou.
- Kouvri tous ou ak etènye ou.
- Netwaye men ou souvan.
- Evite pataje atik pèsonèl nan kay.
- Netwaye tout sifas "anpil moun manyen" yo chak jou.

Sentòm yo

Sentòm ki pi kouran yo pou COVID-19 se **tous ak souf kout.**

Lòt sentòm yo gen ladan lafyèv, frison, souke, doulè nan misk, maltèt, malgòj, ak vin pa ka pran gou oswa pran sant.

Kisa pou ou fè si ou malad

Si ou vin malad avèk lafyèv (100.4°F/38°C oswa pi wo), tous oswa ou gen souf kout:

- Chèche swen medikal. **Rele davans** anvan ou ale nan klinik doktè oswa nan sèvis dijans.
- Fè doktè ou konnen vwayaj ou te fè resaman ak sentòm ou genyen yo.
- Evite kontak avèk lòt moun.

Si ou bezwen pran swen medikal pou lòt rezon, tankou dyaliz, rele doktè ou davans epi enfòme li sou vwayaj ou te fè dènyèman nan yon zòn kote COVID-19 gaye tout kote nan kominote a oswa l ap kontinye gaye.

Jwenn plis enfòmasyon:

tinyurl.com/FLcdctravel

tinyurl.com/FLcovidsick

Biwo Kominikasyon Sante Florid, 12 me 2020